



Pou Piblikasyon Imedya: 26/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LESJISLASYON POU ENVESTI \$2.5 MILYA NAN ENFRASTRIKTI DLO PWÒP AK PWOTEKSYON KALITE DLO YO

Sa Gen Ladan Plis Pase \$1.5 Milya nan Sibvansyon pou Gouvènman Lokal yo Amelyore Enfrastrikti Dlo yo

L ap Kreye Pwogram Ranbousman pou Sistèm Septik k ap koute \$75 Milyon pou Pwopriyete Kay ak Ti Biznis yo Modènize Sistèm Septik yo

L ap Founi \$40 Milyon pou Konstwi Sistèm Egou yo nan Smithtown ak Kings Park

L ap Sipòte Netwayaj Akselere nan Baz Ayeryèn Gad Nasyonal Gabreski la (Gabreski Air National Guard Base) epi Akselere Envestigasyon nan Panach Navy/Northrop Grumman lan

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp la (Clean Water Infrastructure Act) – ki se yon investisman \$2.5 milya nan enfrastrikti dlo potab, enfrastrikti dlo pwòp ak pwoteksyon kalite dlo atravè New York yo. Investisman odasye sa a ajoute sou prèv lidèchip anviwonmantal Gouvènè a epi li pral ede gouvènman lokal yo peye pou konstriksyon pwojè enfrastrikti lokal yo, reponn a ijans ki gen rapò ak dlo yo, ak envestige ak redwi kontaminan k ap parèt yo pou asire aksè a dlo pwòp, moun ka bwè pou tout Nouyòkè.

Sa gen ladan plis pase \$1.5 milya nan sibvansyon pou amelyorasyon enfrastrikti dlo yo ak pou kreye pwogram ranbousman k ap koute \$75 milyon pou bay pwopriyete kay ak ti biznis yo yon prim ankourajman pou yo ranplase ak modènize sistèm septik ansyen yo genyen yo. Anplis de enfrastrikti tradisyonèl yo, fon yo disponib tou pou enfrastrikti vèt yo, avèk \$110 milyon yo atribiye pou inisyativ pwoteksyon sous dlo yo, ki gen ladan akizisyon tèren.

“Dlo pwòp se yon trè gran pwoblèm ki gen enpòtans onivo nasyonal, epi yon lòt fwa ankò New York ap trase chemen an pou rès peyi a avèk investisman odasye sa a pou ranfòse enfrastrikti sistèm dlo nou yo epi pwoteje sante alontèm, dirabilite ak vitalite ekonomik kominote atravè tout eta yo”, **Gouvènè Cuomo te di**. “Finansman sa ap bay vil ak vilaj New York yo sistèm dlo dirab, modèn – l ap pwoteje resous presye nou yo epi sekirize yon avni ki pi an sante pou tout Nouyòkè.”

Gouvènè a te anonse tou minisipalite yo ka aplike kounye a pou \$255 milyon nan sibvansyon pou pwojè enfastrikti dlo potab ak dlo pwòp yo atravè Pwogram Sibvansyon Dlo Eta New York la (NYS Water Grant Program) ki te etabli deja ak nouvo Pwogram Sibvansyon Entèminisipal la (Intermunicipal Grant Program), ki finanse atravè Lwa sou Enfastrikti Dlo Pwòp la. Aplikasyon ak enfòmasyon adisyonèl yo disponib kounye a [isit la](mailto:NYSWaterGrants@efc.ny.gv) epi yo dwe soumèt yo ansanm ak tout lòt dokiman obligatwa yo nan: NYSWaterGrants@efc.ny.gv avan 23 Jen 2017 a 5:00 p.m.

Apa de \$2.5 milya investisman sa a, Bidjè Ane Fiskal 2018 la gen ladan investisman adisyonèl pou pwoteje ak amelyore amenajman nan kalite dlo nan Long Island lan yo, ki gen ladan:

\$300 Milyon ki Soti nan Fon Pwoteksyon Anviwonmantal la (Environmental Protection Fund, EPF)

Ane Fiskal 2018 la mentni yon rekò \$300 milyon nan Fon Pwoteksyon Anviwonmantal la pou pwoteje resous natirèl yo ak sante piblik la. EPF ane sa a founi plis pase \$17.5 milyon pou pwoteje kalite dlo nan Long Island lan yo, ki gen ladan:

- \$3 milyon pou Konte Suffolk ak Sant pou Teknoloji Dlo Pwòp Stony Brook la (Stony Brook Center for Clean Water Technology) pou devlope teknoloji tretman septik avanse yo pou redwi polisyon nitwojèn;
- \$2 milyon pou Komisyon Tè Arid nan Central Pine Long Island lan (Long Island Central Pine Barrens Commission) pou pwoteje dlo potab yo depi nan sous yo ak
- \$900,000 pou pwoteje Rezèv Anbouchi Rivaj Sid Long Island lan (Long Island South Shore Estuary Reserve).

\$40 Milyon pou Konstwi Sistèm Egou yo nan Smithtown ak Kings Park

Bidjè Eta Ane Fiskal 2018 la investi \$40 milyon pou konstwi de sistèm tretman dlo lokal k ap founi sipò vital pou kwasans rejyon an ap kontinye fè a. Premyèman, pwojè \$20 milyon pou Amelyorasyon Sistèm Egou Zòn Katye Komèsyal Smithtown lan (Smithtown Business District Sewer Improvement Area) pral enstale enfastrikti sanitè nan katye komèsyal la. Anplis gen yon Etablisman Trètman Dlo Ize (Kings Park Wastewater Treatment Facility) \$20 milyon k ap enstale tou sou 100 kawo tè, 140 lo nan zòn biznis ki kole ak yon estasyon ray tren.

\$5 milyon pou Enstiti Dlo Pwòp Stony Brook la (Stony Brook Clean Water Institute)

Bidjè Ane Fiskal 2018 la investi \$5 milyon pou Konte Suffolk ak Sant pou Teknoloji Dlo Pwòp Stony Brook la devlope ak evalye nouvo teknoloji tretman ki pa koute chè pou retire kontaminan ki fenk ap parèt yo nan dlo pòtab yo. Yo pral kòmanse konsantre yo sou rechèch ak devlopman teknoloji tretman pou retire kontaminan 1,4 dyoksàn, yo te deja jwenn lan dlo anba tè Long Island lan yo epi yo pa ka retire l fasil avèk teknoloji tretman dlo potab tradisyonèl yo.

Bidjè Ane Fiskal 2018 la kreye nouvo, inisyativ toupatou atravè eta yo pou ajoute sou

efò New York ap kontinye fè pou etabli estanda nasyonal pou pwoteksyon dlo pwòp ak reponn a menas kontaminan ki pa reglemante ki fenk ap parèt yo.

Konsèy sou Kalite Dlo Potab la (Drinking Water Quality Council)

Bidjè Ane Fiskal 2018 la etabli Konsèy sou Kalite Dlo Potab la pou idantifye estrateji pou reponn a menas pou kalite dlo yo ki fenk ap parèt yo. Gouvènè a pral nonmen uit nan douz manm Konsèy la yo, ki gen ladan Komisè Depatman Sante (Department of Health, DOH) ak Depatman Konsèvasyon Anviwonman (Department of Environmental Conservation, DEC), ansanm ak yon reprezantan adisyonèl nan DOH ak DEC. Rès kat manm Gouvènè a pral nonmen an yo pral gen ladan yon reprezantan founisè dlo, yon toksikològ/evalyatè risk, yon mikwobyolojis ak yon enjenyè anviwonmantal. Manm Sena ak Asanble k ap reprezante founisè dlo yo chak pral rekòmande de moun ak yon manm ki gen konpetans nan toksikoloji ak evalyasyon risk.

Rann Tès pou Kontaminan ki pa Reglemante yo Obligatwa

Gouvènman federal la aktyèlman egzije tès pou kontaminan ki pa reglemante yo sèlman pou sistèm dlo ki sèvi 10,000 rezidan oswa plis yo. Bidjè Ane Fiskal 2018 la gen ladan lejislasyon k ap egzije pou tout sistèm dlo piblik nan Eta New York yo, ki gen ladan sistèm ki pi piti règ federal aktyèl la pa aplike pou yo, pou yo fè tès pou kontaminan ki fenk ap parèt yo, tankou 1,4 dyoksàn, PFOA (Asid pèfliyowoktanesilfonik) ak PFOS (Silfonat Pèfliyowoktàn). Depatman Sante a pral founi asistans finansyè pou fè tès nan ti sistèm dlo piblik ki montre yo pa gen ase finansman pou fè tès yo.

Anplis de inisyativ Bidjè Ane Fiskal 2018 la ak finansman ki dekri anwo yo, Gouvènè te bay detay sou mezi agresif Eta ap pran pou netwaye sit ki kontamine nan Long Island lan yo, ki gen ladan:

Netwayaj nan Baz Ayeryèn Gad Nasyonal Gabreski la (Gabreski Air National Guard Base)

Ane pase, DEC te deklare Baz Ayeryèn Gad Nasyonal Gabreski la nan Konte Suffolk kòm yon Sit Superfund akòz de itilizasyon Istorik kim ponpye etenn dife ki gen PFOS ladan. Avèk chwa sa a, DEC te idantifye Depatman Defans Etazini an (U.S. Department of Defense), ki ap kontwole operasyon nan zòn nan yo, kòm pati ki petèt responsab pou kontaminasyon asid pèfliyowoktanesilfonik yo te detekte nan sous dlo anba tè ki tou pre yo. DEC, an patenarya ak Konte Otorite Dlo Suffolk la (Suffolk County Water Authority), ap konekte kay ki chita sou pwi prive vilnerab yo avèk apwovizyonman dlo pwòp. DEC ap pran mezi agresif pou fè Depatman Defans lan oran responsabilite l pou netwayaj global sit la.

Asenisman nan Panach Northrop Grumman lan

Sou [lòd](#) Gouvènè Cuomo, Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal Eta New York la ap antreprann yon investigasyon jeni teknik imedya pou akselere efò pou konfinman dlo anba tè nan panach ki kontamine ak solvan endistriyèl yo nan sit U.S. Navy ak

Northrop Grumman Bethpage la nan Konte Nassau a. Envestigasyon sa a pral evalye opsyon pou netwayaj akselere yo, ki gen ladan konfinman konplè panach yo, pou yo ka asire kontaminasyon an pa menase plis pwi dlo potab ankò. Nouvo mezi agresiv sa yo fè pati efò New York kontinye ap fè pou fè polyè yo asime responsabilite yo epi itilize resous Superfund eta a pou reponn a mouvman kontaminasyon dlo anba tè yo.

Pwoteje Kanal Long Island lan Kont Devèsman Dechè Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal yo (Environmental Protection Agency, EPA)

An Out 2016, Gouvènè Cuomo te anonse entansyon New York pou l lite kont deziyasyon EPA bay Kanal la kòm Sit Devèsman Dechè nan Zòn Lès Kanal Long Island lan (Eastern Long Island Sound Disposal Site). EPA te finalize deziyasyon sa an desanm 2016, epi imedyatman apre, Eta New York te [pibliye](#) yon Avi Entansyon pou l Pouswiv EPA Lajistis konfòmeman ak Lwa sou Devèsman Dechè nan Lanmè a (Ocean Dumping Act). Gouvènè Cuomo te anonse jodi Eta pral soumèt plent pou konteste règ EPA yo nan mwa k ap vini an. Pwosè sa a pral mezi ki pi solid nan yon seri mezi Eta New York la te pran pandan plizyè ane pou opoze kont devèsman san relach deblè dragaj yo nan Kanal Long Island lan.

\$388 Milyon pou Inisyativ Sistèm Egou Suffolk la (Suffolk Sewering Initiative)

Investisman nan Bidjè Ane Fiskal 2018 la ajoute sou [inisyativ](#) \$388 milyon ki te lanse an 2014 la pou konekte 10,000 kay ki gen sistèm septik yo avèk sistèm egou sanite nan zòn basen vèsan rivyè Carlls River, Connetquot River ak Patchogue River, ak Forge River ak nan Distri Egou #3 (Sewer District #3) osidwès Konte Suffolk la.

Izin Tretman Bay Park la

Dlo ize trete ki soti nan izin tretman Bay Park la te deja ap gen enpak sou Bè Zòn Lwès Konte Nassau yo depi plizyè deseni. Eta New York ap travay kounye a avèk Konte Nassau a pou yo evalye fezabilite pou yo detounen dlo ize yo trete nan izin tretman Bay Park la pou ale nan izin tretman Cedar Creek la ak devèsman l nan lanmè yo. Lè nou itilize yon akedik ki la deja yo pap itilize, solisyon inovatif sa pral vin pi rapid epi l ap koute mwen chè pase pwopozisyon inisyal yo te fè pou yo konstwi yon nouvo kondwit devèsman nan Bay Park la.

Etid Konplè sou Dlo Anba tè nan Long Island yo

Nan yon fason pou plis pwoteje resous dlo anba tè nan Long Island yo, Gouvènè a ap [atribiye](#) \$6 milyon pou etidye jesyon efikas resous limite sa a. Etid la, k ap fèt an patenarya ak Sondaj Jewolojik Etazini an (U.S. Geological Survey) ak Konte Nassau ak Suffolk yo, pral fouye pwi, analize konpoze chimik dlo yo, ak kantite kalib yo genyen. Evalyasyon sa a pral founi nouvel solisyon pou reponn ak menas enpòtan tankou entrizyon dlo sale yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418